

MINISTÈ EDIKASYON NASYONAL AK FÒMASYON PWOFESEYONÈL (MENFP)
FILYÈ ANSÈYMAN JENERAL
SERI: (SES- SVT-SMP)
BAKALOREYA PÈMANAN - FEVRIYE 2022
SEGONDÈ IV
KREYÒL



Konsiy: 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la. 3) Fè yon bon egzamen.
2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

Ayiti se yon peyi ki chaje mòn e li pa fasil pou travèse yo. Apre premye endepandans peyi a, te gen yon kolon ki t ap vwayaje Ayiti. Bi misye se pou l te jwenn min men li pa t konn peyi a byen. Donk li te bezwen yon gid ak yon milèt. Li vire nan yon ti bouk ; te gen yon tonton nan zòn nan, men se yon kote ou pa janm jwenn moun souvan. Kolon an te gen anpil pwoblèm lè l vin jwenn granmoun nan. Misye di l ap gide Kolon an epi lwe l yon milèt. Demen byen bonè, yo mete deyò ; chak sou yon milèt. Yo fè plizyè jou ap vwayaje. Tonton an rive yon kote, pre yon legliz epi l ap rele byen fò: « Gade yon mirak !Gade yon mirak ! » Te gen yon Pè ki t ap priye – anndan an epi misye sote ; li kite priyè a, epi li soti deyò. Lè pè a gade, li jis wè se yon tonton k ap rele awotvwa : « Gade yon mirak ! Gade yon mirak ! » . « Kote mirak la ? », Pè a mande. Tonton an di l Lasentvyèj fèk sot Fè yon mirak Li di Pè a: « Pandan m t ap gide yon kolon nan mòn sa yo, apèn nou rive bò yon gwo twou, milèt pa m nan te devan, li vòltije twou a. Milèt kolon an menm rive bò falèz la, li kanpe sèk. Kolon an sot tonbe li Woule desann anba a; li pa leve. Milèt la menm rete kanpe bò falèz la ak tout sèl li sou do li. Mwen pa janm wè yon mirak konsa ». Pè a di tonton an : « Sa pa rele mirak, se yon de venn ». Tonton an ensiste se yon mirak paske yon milèt koute tèt nèg men gen anpil kolon.

Emmanuel W.Vedrine, Sezon Sechrès, Woman, 2008

Premye pati
A) Konpreyansyon Tèks

(30 pwèn /6 pwèn pou chak bon repons)

- 1. Nan ki jan literè tèks sa a soti ?
- 2. Nan ki objektif kolon an te vin Ayiti ?
- 3. Ki pi gwo pwoblèm, dapre tèks la, kolon an te genyen ?
- 4. Jwenn sa Pè a te di ki te kontredi lide tonton an. ?
- 5. Etabli diferans ant mo « mirak » ak « de venn ».

- Dezyèm pati
- B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon (40 pwèn)
- 1- Pou chak vèb souliye nan fraz anba yo, ekri anndan parantèz yo si yo eksprime :
Pèmisyon-Swè-dout-pwobablite-obligasyon. (6 pwèn)
- a) Ou kwè Janin ap vin nan fèt demen ? ()
 - b) Nan tout jwè ekip la, nou ta renmen Liknè jwe. ()
 - c) Ou mèt leve biwo a pote pou mwen. ()
2. Presize figi estil ki ale chak fraz pi ba yo pou konplete tablo a. (6 pwèn)

Fraz	Figi estil
Anplwaye a sot komèt yon bèl erè.	
Lajwa yon pèp se nan grangou li.	
Lafrans dwe Ayiti, Ayiti dwe Lafrans.	

- 3- Asosye chak fraz kolòn A ak kolòn B apati de mo souliye a. (6 pwèn)

Fraz		Repons
a) Souflantchou p ap kite defo.		Vokabilè melyoratif
b) Yo leve minis la byen wo.		Vokabilè sansasyon
ch) Kòlè sa a k ap touye li.		Vokabilè pejoratif
d) Sant manje a bay gwo pwoblèm.		Vokabilè santiman

- 4- Idantifye fonksyon pwopozisyon ki souliye nan chak fraz pi ba yo : (6 pwèn).
- a) Elèv ki pa fè rechèch yo p ap suiv kou a. ()
 - b) Enjènyè a ap travay pou l satisfè pwopriyetè a. ()
 - c) Depi lè li vini an, pyès moun pa oze antre la. ()
5. Eksplike pwovèb sa yo : (10 pwèn)
- a) Pakèt bwa a ri dife sann.
 - b) Kabrit gade je mèt kay avan li antre.
6. Tradui fraz sa yo an kreyòl ayisyen. (6 pwèn)
- a) Tu pourras me passer un coup de fil quand tu seras arrivée chez toi.
 - b) Il a rapiécé son pantalon déchiré en vue de l’enfiler de nouveau.

CH- Pwodiksyon ekri (30 pwèn)

Chwazi youn (1) nan sijè sa yo :

- 1- Rakonte evènman ki te pase aprè yon diskisyon pou zafè tè ant de fanmi ki te abite tou prè.

2- Nan yon tèks agimantatif ki gen kèk sekans eksplikatif, montre gwo danje sikilasyon chofè san papyè kapab reprezante sou wout yo pou popilasyon an.